

Kijan pou Resevwa Sèvis Medikal nan Vil New York, Kèlkeswa Sitiyasyon Imigrasyon Ou

Kesyon Yo Poze Souvan pou Imigran New York yo

Chak moun New York gen dwa a swen medikal bon kalite, kèlkeswa sitiayson imigrasyon li oswa kapasite li pou peye. Okipe tèt ou ak fanmi ou, epi jwenn sèvis medikal ou bezwen yo. Anpil nan sèvis Vil la, sa gen ladan sèvis medikal ak sosyal, disponib pou tout moun New York, kèlkeswa sitiayson imigrasyon yo.



Sèvis Medikal yo

Ki kote mwen ka jwenn sèvis medikal bon mache nan Vil New York (NYC)?

Ou ka jwenn sèvis medikal bon mache nan yon lokal NYC Health + Hospitals (H+H) ki toupre ou; pou sa ale sou nychealthandhospitals.org oswa rele 844-692-4692 oswa **311**, oswa ou ka jwenn sant sante kominotè lokal ou a nan findahealthcenter.hrsa.gov.

Asirans Maladi

Nan ki plan asirans maladi mwen ka enskri?

Imigran New York yo gen anpil opsyon nan zafè asirans maladi. Timoun ki gen laj jiska 18 an ak moun ansent ki rete nan Eta New York ka jwenn asirans maladi kèlkeswa sitiayson imigrasyon yo. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (NYC Department of Health and Mental Hygiene) gen Konseye ki Sètifye nan Zafè Aplikasyon ki ka ede ou konnen si ou kalifye ak kijan pou w enskri pou asirans maladi. Pou plis enfòmasyon, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/health/healthcoverage.

Si ou prale nan yon lokal NYC H+H, mande pou yon Konseye Finansye pou li ede ou jwenn asirans maladi. Ou gen dwa pou w jwenn sèvis nan lang ou pi pito a, sa gen ladan tradiksyon ekri ak entèpretasyon an pèsonn oswa pa telefòn.

Ou gen dwa tou pou w sèvi ak avantaj publik yo, tankou swen medikal gouvènman an peye andeyò yon etablisman swen alontèm, san konsekans sou ni sitiayson imigrasyon ou ni aplikasyon w lan. Si ou gen kesyon nan domèn jiridik sou zafè imigrasyon, rele nimewo asistans pou jwenn sèvis nan men avoka pou zafè imigrasyon NYC an nan 800-354-0365, depi nan lendi rive nan vandredi, apati de 9 a.m. jiska 6 p.m., pou jwenn enfòmasyon rapid ou ka fè konfyans epi pou yo mete ou an kontak ak avoka imigrasyon k ap ba ou èd gratis ak san danje Vil la finanse. Nimewo asistans la gratis ak anonim, epi gen èd disponib nan plis pase 200 lang.

NYC Care

Mwen pa kalifye pou asirans maladi. Kijan mwen ka jwenn sèvis medikal?

NYC Care se yon pwogram ki ofri sèvis bon mache ak gratis pou moun New York ki pa ka jwenn asirans maladi poutèt sitiyasyon imigrasyon yo oswa kapasite yo pou peye. NYC Care se pa yon plan asirans maladi. Men, si ou gen NYC Care, ou ka jwenn yon kat manm pou jwenn sèvis medikal konplè, chwazi doktè swen primè w lan epi resevwa medikaman bon mache. Tout sèvis NYC Care yo disponib nan tout lokal pou swen pasyan NYC H+H nan toulè senk minisipalite yo, sa gen ladan 11 lopital ak plizyè douzèn sant sante kominotè.

Konbyen NYC Care koute, epi kijan pou mwen enskri ladan?

Sèvis medikal NYC Care yo swa bon mache swa gratis, sa depann de konbyen moun ki rete lakay ou ak de kantite lajan ou fè. Pou enskri pou NYC Care, rele 646-692-2273 oswa mande rankontre ak yon Konseye Finansye nan nenpòt lokal NYC H+H. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.nyccare.nyc.

Swen Dijans pou Moun New York Ki Pa Gen Asirans Maladi

Mwen pa gen asitrans maladi men mwen bezwen swen dijans. Kijan m ap peye pou yo?

Medicaid Dijans (Emergency Medicaid) ap ede moun New York yo ki pa touche anpil lajan epi ki pa gen papye oswa ki se imigran tanporè peye pou sèvis medikal pandan yon ijans. Imigran New York yo ki kalifye pou Medicaid Dijans gen dwa kalifye tou pou NYC Care pou kouvri depans sèvis ki pa ijans, tankou medikaman ak vizit kay pwofesyonèl medikal yo.

Ou ka enskri pou Medicaid Dijans nenpòt lè pou sizoka ou ta vin gen yon ijans pi devan. Si ou prale nan yon lokal NYC H+H, mande pou yon Konseye Finansye pou li ede ou enskri. Ou ka jwenn swen dijans nan nenpòt lopital nan NYC kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou oswa kapasite ou pou peye. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 844-692-4692 oswa **311**.

Aplikasyon Lwa sou Imigrasyon yo ak Aksè a Swen Medikal

Mwen se yon imigran ki pa gen papye. Èske pwofesyonèl medikal mwen an ka rapòte mwen bay otorite imigrasyon federal yo, tankou Lapolis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE)?

Pwofesyonèl medikal yo dwe pwoteje konfidansyalite pasyan yo, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo. Lopital yo ak klinik yo pa bay enfòmasyon sou pasyan san apwobasyon pasyan an, sòf lè lalwa egzije yo fè li (sa ki ra). Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pwofesyonèl medikal NYC H+H yo pwoteje konfidansyalite imigran yo, ale sou bit.ly/letter-immigrant-new-yorkers.

Kisa pou mwen fè si ajan ICE yo vin nan lopital kote m ap resevwa sèvis medikal yo?

Otorite imigrasyon yo pa ka pratike aktivite lapolis ni nan lopital ni nan lòt etablisman medikal, sòf nan ka ki ra anpil. Si ou wè ajan ICE nan lopital la, ou pa oblige pale avèk yo. Si yon ajan ICE eseye antre nan yon zòn prive, tankou nan chamm lopital ou, ou gen dwa pou w kenbe pòt la fèmen epi mande si li gen yon manda jidisyè (yon dokiman jiridik yon tribunal bay epi ki gen siyati yon jij). Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/immigrants epi chèche "**know your rights**" (aprann ki dwa ou genyen). Si yon ajan ICE arete ou oswa yon pwòch ou, ou ka rele nimewo asistans pou jwenn sèvis nan men avoka pou zafè imigrasyon NYC an nan 800-354-0365 pou jwenn èd gratis ak san danje nan men avoka.